



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI PÒTAY APLIKASYON POU KILTIVÈ
CHANV YO K AP CHÈCHE YON LISANS POU KILTIVE KANABIS POU IZAJ ADILT**

***Premye opòtinite lisans pou endistri kamabiz pou izaj adilt New York la avanse
Inisyativ Opòtinite Semansman Gouvènè a***

***Pozisyone fèmme New York yo kòm premye moun k ap kiltive kanabis pou izaj
adilt nan New York***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti [pòtal aplikasyon](#) ki baze sou entènèt pou kiltivatè chanv yo k ap chèche jwenn yon lisans kondisyonèl pou yo kanabis pou izaj adilt nan sezon kwasans 2022 a Lisans lan te posib gras ak yon lwa Gouvènè a te siyen mwa pase a.

"New York ap avanse ak tout vitès pou li kreye endistri kanabis pou izaj adilt ki pi enklizif nan nasyon an gras ak Inisyativ pou Opòtinite Semansman (Seeding Opportunity Initiative) nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ sa a pral kreye opòtinite enpòtan pou otomi ekonomik pou fèmme New York yo ak kominote ki afekte yo. Kounye a ke pòtal aplikasyon nou an ouvri, mwen ankouraje chak kiltivatè New York ki elijib pou yo patisipe nan filyè soti nan fèm pou rive vann lan ki pral kreye travay ak opòtinite atravè Empire State la."

Ouvèti pòtay aplikasyon pou lisans lan avanse Inisyativ pou Opòtinite Semansman Gouvènè a k ap mennen nan nasyon an, k ap mete moun ki gen enfraksyon penal ki gen rapò ak kanabis anvan yo nan pozisyon pou fè premye vant pou itilizasyon adilt pwodui ki plante pa kiltivatè chanv New York yo. Inisyativ soti nan jaden pou ale nan magazen sa ap fè vant nan New York yo posib anvan fen 2022 a, sa k ap relanse sektè kanabis New York la, garanti sipò pou ekite alavni moun k ap aplike yo, epi sekirize premye investisman nan kominote ki pi afekte pa aplikasyon entèdiksyon kanabis ki pa pwopòsyonèl la.

Dapre lwa a, kiltivatè kanabis ki gen lisans sou kondisyon yo dwe resepkte sèten egzijans, sa gen ladan pratik kilti ki san danje, dirab e ki pwoteje anviwònman an, patisipasyon nan yon pwogram ankadreman pou egalite sosyal, ak angajman nan yon akò pou lapè nan travay avèk yon òganizasyon sendikal debònfwa. Pòtay Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management) Eta New York la ouvri jodi a pèmèt kiltivatè

chanv k ap chèche yon Lisans sou Kondisyon pou Kilti Kanabis pou Izaj Adilt pou yo aplike fasilman.

Prezidan Konsèy pou Kontwòl Kanabis la Tremaine Wright te deklare, "Nou kontan anpil pou nou louvri pòtal sa a epi kòmanse pwosesis pou nou bay premye lisans nou pou mache kanabis pou izaj adilt la. Lisans sa yo pral pozisyon fèmme New York yo kòm premye kiltivatè nan mache pou izaj adilt NY la. Pwodui yo pral apwovizyone dispansè ke antreprenè nou yo posede yo atravè Inisyativ pou Opòtinite Semansman an pandan n ap fè efò pou n bati yon endistri ki an sekirite, ekitab epi ki estab."

Manm Konsèy Kontwòl Kanabis Adam Perry, te deklare, "Nou deja franchi pwochen etap yo nan bati nan direksyon ouvèti mache kanabis pou izaj adilt yo nan New York ak disponiblite pòtay la jodi a ak lòt efò nou pou fè kiltivatè New York yo kiltive kanabis ki pral vann premye pa antreprenè ki enplike nan jistis epi apre lòt moun ki aplike pou lisans yo. Nou gen entansyon traseyon egzant lidèchip New York nan bati yon endistri kanabis ki byen reglemante, ekitab ak enklizif. Mwen fyè de travay ekip nou an ap fè pou respekte pwomès Lwa Kanabis New York (New York's Cannabis Law) la pou diminye domaj entèdiksyon ke kanabis koze a."

Manm Konsèy Kontwòl Kanabis Jessica Garcia, te deklare, "Fè kiltivatè New York yo, pa kòporasyon andeyò eta yo, kiltive premye kanabis pou izaj adilt yo pandan y ap ouvri pòt pou karyè familyal ak sendika se yon bon demaraj pou endistri kanabis ekitab New York n ap konstwi a. Mwen pa ka tann travay ki devan nou an pandan n ap bati sipò atravè tout endistri a pou ede antreprenè ekite yo ak ti biznis nou yo reyalize siksè alontèm."

Jen Metzger, Manm Konsèy Kontwòl Kanabis ak ansyen Prezidan Komite Agrikilti nan Sena Eta a, te drklare, "Nou kontan pou nou ofri kiltivatè chanv kanabinoyid New York yo opòtinite sa a pou yo divèsifye nan mache kanabis pou izaj adilt la, pou bay konsomatè yo aksè ak pwodwi ki grandi nan solèy, ki kiltive yon fason dirab lè premye dispansè yo ouvri pòt yo. Nou gen yon ekip ki gen eksperyans nan OCM pou sipòte fèmme yo atravè pwosesis lisans lan epi ede yo devlope patenarya ankadreman solid ak kiltivatè ekite yo, mwen pa ka tann yon sezon kwasans pwodiktif!"

Reuben McDaniel III, Manm Konsèy Kontwòl Kanabis Eta New York la ak Prezidan ak PDG DASNY, te deklare, "Pou jwenn benefis ekonomik maksimòm, pwogram kanabis New York la estriktire inikman pou kreye sinèji ant pwovizyon, distribisyon ak moun. Asire ke kiltivatè yo kapab apwovizyone antreprenè ekite nou yo ak pwodwi yo grandi nan Eta New York nan sezon kwasans 2022 a ke yo ka vann nan premye jou operasyon yo se yon bagay ki enpòtan anpil pou siksè pou fèmme yo ansanm ak pou antreprenè yo. Sa a se youn pami plizyè inisyativ nou pral anonse pandan mwa k ap vini yo pou asire nou gen bon jan kalite kabis adekwa nan eta a epi atenn objektif patisipasyon Ekite Sosyal nou yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou vizyon konplè li te pote pou devlope nouvo sektè sa a."

Avèk yon lisans sou kondisyon pou kilti marijàn pou granmoun, kiltivatè yo ka kiltive deyò oswa nan pepinyè pandan jiska de (2) ane apati de dat yo ba yo lisans la. Li pèmèt yo tou fabrike ak distribye pwodui flè marijàn nan san yo pa gen lisans endistriyèl oswa distribitè pou granmoun, jiska 1ye jen 2023. Kiltivatè to limite a 0.4 ekta (43,560 pye kare) vout fleri deyò oswa 25,000 pye kare nan yon pepinyè e yo kapab itilize jiska 20 limyè atifisyèl. Yo kapab separe tou ant kilti deyò ak pepinyè avèk yon vout 30,000 pye kare total maksimòm depi vout fleri pepinyè a rete pi piti pase 20,000 pye kare.

Pou kalifye pou yon Lisans sou Kondisyon pou Kilti Kanabis pou Izaj Adilt, yon kandida dwe te yon asosye otorize nan rechèch sou pit endistriyèl pou Depatman Agrikilti ak Mache a (Department of Agriculture and Markets), ap kiltive pit pou kanabinoyid ki pa fè moun sou ki ladan an pandan omwen de nan kat ane pase yo e li dwe te an règ nan dat 31 desanm 2021, lè pwogram rechèch la te fini. Fèmeye ki aplike yo pral peye yon frè aplikasyon ak lisans 2,000 dola ki pa ranbousab, epi yo ankouraje aplikan yo pou yo li [gid pwogram](#) lan anvan yo aplike.

Moun ki gen lisans la dwe patisipe tou nan yon pwogram ankadreman pou egalite sosyal kote y ap bay fòmasyon sou kilti ak transfòmasyon marijàn pou asosye nan egalite sosyal ak ekonomik yo, pou prepare yo pou wòl yo ta ka genyen nan sektè endistri an. Kiltivatè yo ap gen pou respekte egzijans dirabilite tou pou garanti marijàn nan kiltive yon fason ki prezève anviwònman an.

Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, Chris Alexander te deklare, "Ouvri pòtay sa a jodi a se pwochen etap la nan vivifye Inisyativ pou Opòtinite Semansman Gouvènè Hochul la pandan n ap kraze entèdiksyon epi konekte kiltivatè New York yo ak antreprenè ekite ki pral fè premye lavant kanabis pou izaj adilt yo anvan ane a fini. Pwodui sa yo pral grandi yon fason dirab epi nou pral asosye moun ki gen lisansye nou yo ak avize ekite yo pou konstwi yon pwogram konsèy ki kreye yon lòt chemen pou lisans. Sa a se jis yon lòt egzanp travay nou pou asire aksè ak patisipasyon antreprenè ekite nou yo atravè tout kalite lisans."

Inisyativ pou Opòtinite Semansman Gouvènè Hochul la, ki te anonse 10 mas 2022 a, se yon modèl nasyonal pou konstwi yon endistri kanabis pou izaj adilt ki kòmanse nan kenbe pwomès pou konpanse domaj yo lakoz nan kominote yo atravè eta a ki te pi afekte pa aplikasyon entèdiksyon kanabis ki pa pwopòsyonèl la. Atravè Inisyativ pou Opòtinite Semansman an, fèmeye New York yo ap grandi premye kanabis pou izaj adilt, epi pwopriyetè biznis ki gen siksè ki enplike nan jistis yo pral fè premye lavant yo ak sipò ki soti nan Pwogram Envestisman Kanabis pou Ekite Sosyal nan New York Gouvènè Hochul pwopoze a ki koute 200 milyon dola, ki finansse pa frè lisans ak ekite prive. Aktyèlman yo ap diskite ak Lejislati a, pwogram nan ta itilize frè lisans endistri yo ak ekite prive pou bay finansman pou antreprenè ekite nan fen mache pou izaj adilt la. Espesyalman, pwopriyetè biznis ki gen siksè ki enplike nan jistis sa yo t ap jwenn sipò ak yon espas pou vant an detay ki renove oswa ki pare pou renovasyon ak sèvis ki lye yo ak sit dispansè nan zòn ki gen anpil trafik yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)